दिन–सोमवार　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　दिनांक–25.08.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ　　　　　　　　　　　　अवधिः–05 मिनट

---

चुनाव आयोग द्वारा कहल गेल जे राज्य मे चलि रहल विशेष गहन पुनरीक्षण अभियानक तहत अखन तक केवल सीपीआईएमएल के दिस सँ दस टा दावा आओर आपत्ति दर्ज कराओल गेल अछि। हालांकि, प्रमुख दल कांग्रेस आओर राजदक दिस सँ दावा–आपत्तिक कोनो आवेदन नहि देल गेल अछि। मुख्य निर्वाचन अधिकारी विनोद सिंह गुंजीयाल कहलनि जे प्रारूप प्रकाशनक बाद अखन तक एक लाख चालीस हजार एकतीस निर्वाचक सभ सँ सीधा दावा–आपत्ति के आवेदन प्राप्त भेल अछि। एहि मे सँ चौदह हजार तीन सय चौहत्तरि मामिला के निपटारा कऽ देल गेल। एकरा संगहि, अठारह वर्ष आ एहि सँ अधिक उम्र के तीन लाख उन्नासी हजार सँ बेसी नव मतदाता लोकनि सूची मे अपन नाम जोड़बाक लेल आवेदन देलनि अछि। दावा–आपत्तिक अंतिम तिथि एक सितंबर अछि। अंतिम मतदाता सूचीक प्रकाशन तीस सितंबर के कयल जायत।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे तीस सय अठाईस करोड़ रूपया सँ बेसी के लागतिबला बिजली विभागक महत्वपूर्ण योजनाक शिलान्यास कयलनि। एहि तहत शहरी क्षेत्र मे बिजली तार कँ भूमिगत कयल जायत। एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर ऊर्जा मंत्री विजेन्द्र यादव समेत कतेको गणमान्य लोक उपस्थित छलथि।

---

भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष डॉक्टर दिलीप जायसवाल कहलनि जे विपक्ष लऽग विकासक मुद्दा नहि अछि। तहि द्वारे विपक्षी नेता लोक सभ के गुमराह करबाक मुहीम मे छथि। श्री जायसवाल समस्तीपुर जिलाक उजियारपुर मे आयोजित एनडीए कार्यकर्त्ता सम्मेलन के संबोधित करैत कहलनि जे बिहारक जनता एनडीए सरकार के काम–काज सँ खुश छथि आओर विपक्ष कँ कोनो मौका नहि देयबला छथि। सम्मेलन के जदयू सांसद कौशलेन्द्र कुमार, भाजपा विधायक तरूण कुमार समेत कतेको वरिष्ठ नेता संबोधित कयलनि।

---

राज्यक दक्षिणी भाग सँ होइत एक ट्रफ रेखा गुजरबाक कारणें अधिकतर भाग मे मध्यम सँ भारी बरखाक सिलसिला जारी अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जानकारीक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दौरान गया के खिजिरसराय मे सभ सँ अधिक उनहत्तरि दशमलव चारि  मिलीमीटर बरखा दर्ज कयल गेल। विभाग द्वारा पूर्वानुमान मे कहल गेल जे आइ रोहतास, गया आओर औरंगाबाद जिला मे कतेको स्थान पर भारी बरखाक संभावना अछि। ओतहि, राज्यक पश्चिमी आओर उत्तरी भाग मे कतेको स्थान पर मेघगर्जन, वज्रपात आओर तेज हवाक संग कमसम बरखा होयबाक संभावना रहत।

———————————————————————

पड़ोसी राज्य झारखंड मे अति भारी बरखाक कारणे नालंदा, जहानाबाद आओर गयाजी जिलाक कतेको गाम मे बाढ़िक पानि घुसि जाय सँ जनजीवन प्रभावित भेल अछि। नालंदाक हिलसा प्रखंड आओर गयाजी के बोधगया बाढ़ि सँ बहुत बेसी प्रभावित अछि। प्रशासन द्वारा लोक के सुरक्षित स्थान पर जएबाक अपील कयल जा रहल अछि।

———————————————————————

ग्रामीण विकास मंत्री श्रवण कुमार कहलनि जे राज्यक सभ प्रखंड मे छओ हजार आठ सय सँ अधिक खेल मैदानक निर्माण कयल जा रहल अछि। श्री कुमार कहलनि जे अररिया जिलाक रानीगंज मे महात्मा गांधी खेल मैदानक उद्घाटन के बाद संवाददाता सँ गपशपक क्रम मे कहलनि जे चारि हजार खेल मैदान बनि चुकल अछि। ओ कहलनि जे राज्यक ग्रामीण खेल प्रतिभाक प्रोत्साहनक लेल ग्रामीण क्षेत्र मे खेल संरचना के पैघ पैमाना पर विकास कयल जा रहल अछि। उनतीस अगस्त सँ शुरू भऽ रहल हॉकी एशिया कप देखबाक लेल राजगीर खेल परिसर पहुंचबाक ओ खेल प्रेमी सभ सँ  सेहो अपील कयलनि।

———————————————————————

मंडल आयोगक अध्यक्ष आओर पूर्व मुख्यमंत्री स्वर्गीय बी.पी मंडल कँ जयंतीक अवसर पर मधेपूरा स्थित हुनक पैतृक गाम मुरहो मे राजकीय समारोहक आयोजन कयल गेल। एहि दौरान कतेको गणमान्य सभ श्रद्धांजलि अर्पीत कयलनि।

मुंगेर जिला के राष्ट्रीय उच्च पथ संख्या अस्सी पर फरदा गामक लऽग उत्पाद विभागक टीम द्वारा एक टा वाहन सँ भारी मात्रा मे विदेश शराब आ दू टा तस्कर के गिरफ्तार कयलनि।

———————————————————————

समाप्त